

60 jou depi Siklòn Ida pase, Rekiperasyon nan Louisiana Kontinye reprezante efò tout kominote an

Release Date: October 28, 2021

BATON ROUGE, La. - Sa fè 60 jou depi Siklòn Ida te rive sou kontinan an. Premye mwa rekiperasyon nan kad katastwòf yo souvan fwa difisil, plen estrès, epi kèk fwa chokan. Sa pa ralanti efò pou asiste sa ki te sibi enpak siklòn Ida an. Efò pou rekonstwi epi rekanpe aprè devastasyon sa yo sòti toupatou anndan kominote an; yon ajans pa ka fè l pou kont li. Atravè itilizasyon resous lokal ak resous eta yo, ajans volontè yo, ansanm ak patnè federal yo, abitan Louisiana yo te kapab kontinye retounen nan yon vi ki plizoumwenn nòmal.



FEMA

Page 1 of 6

Houma, LA. - Manman ak pitit gason nan yon Sant Rekiperasyon nan kad Katastwòf, kote sivivan yo te sibi enpak Siklòn Ida an kapab jwenn èd nan aplikasyon asistans nan kad katastwòf yo an, soumèt dokiman epi jwenn repons ak kesyon yo. Reprezantan Administrasyon Ti Biznis (Small Business Administration, SBA) peyi Etazini ap la tou pou bay enfòmasyon sou pwogram lan epi eksplike kijan pou aplike pou prè katastwòf SBA a ki p ap pran anpil enterè pou biznis, òganizasyon san pwofi ki prive yo, pwopriyetè kay ak lokatè yo. *Foto Julie Joseph, FEMA.*



Montegut, LA - Manm ekip Aistans pou Sivivan nan Kad Katastwòf FEMA yo mache nan chak kay (oswa nan bato) pou ede rezidan yo aplike pou asistans aprè Siklòn Ida. *Foto Julie Joseph, FEMA.*



FEMA

Page 2 of 6



Thibodaux, LA -- Espesyalis limitasyon FEMA yo bay sivivan Siklòn Ida yo konsèy sou kijan pou yo rekonstwi epi pwoteje kay yo kont dega nan kad katastwòf ki posib rive pi devan yo. *Foto Julie Joseph, FEMA.*



FEMA

Page 3 of 6



Hahnville, LA – Manm Ekip Repons nan kad Katastwòf Rubicon lan evalye dega Siklòn Ida lakòz yo. *Foto Julie Joseph, FEMA.*



FEMA

Page 4 of 6



Reserve, LA – Volontè yo rasanble pla cho nan Tchoupitoulas Chapel poo nourì sa ki te sibi enpak Siklòn Ida an. *Foto Keith Jones, FEMA.*



FEMA

Page 5 of 6



Houma, LA – Manm ekip Aistans pou Sivivan nan Kad Katastwòf FEMA yo mache nan chak kay pou ede rezidan yo aplike pou asistans aprè Siklòn Ida.
Foto Julie Joseph, FEMA.



FEMA